RESEARCH FOCUS
xalqaro ilmiy jurnali
hamkorligida

DOI
10.66073/ReFocus-Conf/0910015

QR-kod maqolaning DOI sahifasini ochadi

SAHIFALAR
99–103

TIL
Qoraqalpoq (kirill)

IQTIBOS UCHUN
Пирниязова Алима Кудияровна. Әжинияз шығармаларында «қыз-жаўан» лексемасы // «O‘zbekiston olima ayollarining mamlakat taraqqiyotiga qo‘shayotgan hissasi» mavzusidagi xalqaro ilmiy-amaliy konferensiya materiallari (Nukus, 2026-yil 9–10-oktyabr). – Nukus, 2026. – B. 99–103. – DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/0910015

ӘЖИНИЯЗ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА «ҚЫЗ-ЖАЎАН» ЛЕКСЕМАСЫ

Пирниязова Алима Кудияровна
филология илимлериниң докторы, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты профессоры
alimapir@rambler.ru

Аннотация: XIX әсирде жасаған белгили шайыр Әжинияздың әлемди таныў өзгешелиги, оның қыз-жаўанларға болған көз-қарасы, пайдаланған лексемалары лингвистикалық бағдарда анализленген. Саҳраның халқы – қарақалпақлардың миллий коды шайыр шығармаларында сүўретленген. Қарақалпақ, араб, парсы тиллериндеги лексемаларды пайдаланыў арқалы сүйикли ярды, қызларды шайыр өзине тән болған көз-қараста тәриплеген.

Таяныш сөзлер: Миллий код, лексема, лингвокультурология, лингвопоэтика, аксиологиялық код, гендер.

Әжинияз Қосыбай улы (1824-1878ж.ж.) – қарақалпақ халқының уллы ойшылларынан бири, көрнекли сөз зергери, патриот, демократ, лирик шайыр, философ. Әжинияз Қосыбай улының терең мазмунлы, жүрекке жағымлы қосықлары тек қарақалпақ халқының ғана емес, туўысқан халықлардың да жүрек сезимлерин жаўлап алған, сонлықтан да оның шығармалары еки жүз жылдан берли халық қәлбиниң төринде көз қарашығындай қәстерленип киятыр. Оның шығармалары тәлим-тәрбия мектеби болыў менен бирге дөретпелери ҳәзирги әўладқа руўхый күш, эстетикалық заўық бағышлаўы менен қунлы.

"Әжинияздың жарқын лирикасы жаслықтың, гөззаллықтың ҳәм жақсылықтың өшпес көркем естелиги болып табылады ҳәм бул естелик шайыр тәриплеген «бас кетсе де туўры жолдан қайтпаған», ләбизи ҳадал, мәрт ҳәм кеңпейил жас әўладты тәрбиялап жетистириўде мудам руўхый тәрбия қуралы болып хызмет ететуғыны сөзсиз", - деп жазған еди профессор К. Алламбергенов [1:3].

Әжинияз Қосыбай улының шығармалары бир неше мәртебе қарақалпақ ҳәм рус (1975), азербайжан (2025), өзбек (1962, 2024), түрк (2024) тиллеринде басып шығарылды. Оның дөретиўшилиги ҳаққында әдебияттаныў илиминде бир қанша илимий жумыслар жазылды.

Илимпаз А. Муртазаевтың атап өткениндей: "Әжинияз айтсақ – қосығымыз, сөйлесек – тилимиз, шертсек – сазымыз, ойласақ – ойымыз, жазсақ – романымыз, дәстанымыз, илимимиз, ол халқымыз алдында, пүткил дүнья алдында тартынбай бетке тутатуғын, төбеге көтеретуғын мақтанышымыз, уллы шайырымыз" [6:8]. Илимпаздың атап өткениндей оқымыслы, ойшыл ахун дәрежесине жетисип

халқымыз арасында "Қуран", "Ҳәдислер"ди шарықлап уллы улама дәрежесине жетиўи менен бирге шығыстың шайырлары Ҳафыз, Саадий, Наўайы, Физулий ҳәм Мақтумқулы шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып, әдебиятқа ғәззел, муҳаллес, рубайы, тәрийп сыяқлы қосықтың жаңа үлгилерин алып келиў менен де үлес қосқан уллы сөз шебери.

Әжинияз поэтикасы қарақалпақ поэзиясының бурынғы көркемлик дүньясының синтези ғана емес, жаңа дәўирдиң, классикалық, жазба түриниң басламасы, кейинге жол салған үлгиси болды.

Әжинияз Қосыбай улы айтқанындай: «Бул дүньяның көрки – адам баласы», барлық жаратылғанлардың ең гөззалы, абаданлық дөретиўшиси, дослық жыршысы, мийирбанлық уйтқысы, дүньяның ҳәмиршиси ҳәм сақлаўшысы — адамның қәдирин билиў, ол қәдирди нәсийҳатлаў ҳәмме баҳалылықлардан да абзал ҳәм қайырлы.

Әжинияз шығармаларының фонетикалық системасы, морфологиялық қурылысы, лексикалық қурамы арнаўлы түрде изертлеў объекти болып, шығармаларының тили анализленип, улыўма характери жөнинде айтылған илимий пикирлер бар [3;4;7;8;9;10]. Бирақ, Әжинияз шығармаларының лингвокультурология, лингвопоэтикалық мәселелери елеге шекем үйренилмеген.

Әжиниязтаныў илиминиң жан күйери Б. Қәлимбетов «Өзиңниң миллий тилиңди түсингиң келсе, онда басқа тиллердиң қәсийетлерин үйрениўиң керек. Өз елиңниң миллий мәдениятының салмағын өлшеп билемен десең, онда басқа еллердиң мәдениятын үйрениўиң керек. Бунысыз өзиңниң миллий әдебиятыңның раўажланыў бағдарын биле алмайсаң», - деп жазған еди [5:29].

Әжинияз қарақалпақ жазба әдебиятын көркем тиллик жақтан байытқан талантлы шайыр еди. Ол өзиниң шығармаларында ҳәр бир сөзге терең образ жүклеп өз қосықларын байытып барды. Буның баслы себеби талантлы ҳәм саўатлы екенлигинде. Әжинияздың тили XIX әсирде жасаған басқа қарақалпақ шайырларына усамайтуғын араб-парсы ҳәм ески түрк тиллериниң тәсиринде раўажланған. Буған ең баслы себеп Орайлық Азияның оқымыслы топарлары арасында бул үш тилдиң де тәсириниң үлкен болғанлығы, яғный сол тиллер тийкарында әдебий тилдиң майданға келиўи көзде тутылған. Соның менен қатар қосықларындағы тил элементлери – көркемлеў қуралларының гипербола, метонимия, теңеў, эпитет, гипербола, литота сыяқлы түрлерин пайдаланыўда терең эмоциональлық-экспрессивлик тәсир күшине ийе екенлиги менен де парықланады.

Бул дүньяның көрки – *адам баласы*...

Шайыр бул сөзди айтыў арқалы адамзаттың әлемдеги орнын жоқары ҳәм бәленттен белгиледи. Инсанды ардақлаў, оны қәдирлеў – Әжинияз поэзиясының философиялық тийкары. Әжинияз шығармаларында қәдир-қымбат, қәдирданлық өмирдиң барлық социаллық-сиясий тәреплериниң ҳәммесин өз ишине алады, әсиресе ол адам қәдирин билиўдиң ҳаял-қызлардың гөззаллығын қәдирлеў менен, аңлаў менен ҳәм қәстерлеў менен ушластырыўы шығыс ойшылларының арасында белгили ҳәм әҳмийетли орынды ийелейди.

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910015

Биз Әжинияз шығармаларында қолланылған *қыз-жаўан* миллий коды ҳаққында сөз етпекшимиз. Бул лексеманың мәниси улыўмаластырыўшы болып, *қыз-келиншек* мәнисин билдиреди.

Қыз бала камалға келсе,
Алмадек пишкана мегзер.
Мәўжирип аққан дәрьядай,
Толысып ташқынға мегзер («Мегзер»).

Белгили тилши илимпаз Анар Салқынбай ҳәзирги қазақ тил билиминдеги, әсиресе когнитивлик лингвистика менен лингвокультурология бағытындағы ең әҳмийетли изертлеўлериниң биринде миллий кодларды анықлайды ҳәм олардың әлемди таныўдағы ролин ашып береди. Илимпаздың пикири бойынша *миллий код* — миллеттиң әсирлик тарийхында қәлиплескен, оның болмысын, дүньятанымын**,** қунлылықлары менен минез-қулқын айқынлайтуғын, тил арқалы әўладтан әўладқа берилип отыратуғын жасырын мағлыўматлық система. Бул – миллетти басқа халықлардан айырып туратуғын руўхый «генетикалық матрица» [2].

Қарақалпақ халқының миллий дәстүринде ҳаял-қызларға жоқары дәрежедеги көз-қарас болған. Әжинияз шығармаларында халықлық көз-қараслар айқын сүўретленген. Саҳра халқындағы еркинлик, қызларды сыйлаў, олардың орнын төрге шығарыў, ата-анасының үйинде «қыз – патша» деген түсиниклер әлемди түсиниўдеги тийкарғы бағдарлар.

Шайыр шығармаларында қолланылған *қыз-жаўан* мәнилерин билдиретуғын лексемаларды анықладық: *гөззаллар, қыз-жаўан, сәўдигим, яр, қостар, нигарым, назәлим, улфкарим, ҳүр, сәнем, жәнан, пәрий, наўжәўан, сәўер ярым, дилбарым, перийзадым, қыз, иңкарым, мәҳи әнўарым, қыз бала, сүйикли яр.*

Шайыр қолланған *қыз бала, сүйикли яр* – бир бири менен байланыслы болған қарақалпақ мәдениятының гендерлик ролли ҳәм аксиологиялық (баҳалылық) кодларының элементлери.

Әжинияз поэзиясында «яр» образы айрықша орын тутады. Оны тәриплеўде усындай бир неше лексемаларды қолланыў менен бирге әпиўайы турмыстағы өмирлик жолдасты жоқары руўхый, философиялық дәрежеге көтерип сүўретлейди.

Қыз-жаўаны бардур әдеп – икрамлы,
Сәдепдек данданлы, қушдек дақанлы.
Шийрин-шекер сөзли, сүшик зибанлы
Сәнем киби қыпша беллери бардур.

Әжинияз поэзиясында *сүйген яр* атамалары орта әсирлик классикалық түркий тили элементлери ҳәм араб, парсы өзлестирмелери халық аўызеки тили менен де ушласады. Шайыр шығармалары тилинде китабый поэтикалық образларды (мысалы, *пәрийзад, дилбар, жәнан*), сондай-ақ саҳралық зоометафораларды, дәстүрий түркий маркерлерин *(сәўер ярым)* сыяқлы ушыратыўға болады.

Таза гүлистаным, мәҳи әнўарым,
Ҳәсиретимнен ҳеш қарарым йоқ мениң (Йоқ мениң).

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910015

Таўыс киби жилўа менен бағарсаң,
Ашықлардың жүреклерин жағарсаң,
Тиллә ҳәйкел гәрдәниңе тақарсаң,
Әл қаўсырып қушақ ашқан *сәўдигим* (Сәўдигим).

Әжинияз өз шығармаларында диминутивлерди, субъектив баҳа аффикслерин, метонимиялық атамаларды кең қолланады.

Қыз - жаўаны бардур, *әдеп-икрамлы*,
Сәдепден дәнданлы, күштек дәҳәнлы,
Шийрин шекер сөзли, сүшик зибанлы,
Сәнем киби қыпша беллери бардур («Бардур»).

Ал қызлардың сын-сымбаты, бойын *қәдди дал* сөзи арқалы сүўретлейди.

Йүзлериң қырмызы, мәҳи-әнўари,
Мен сени сәўмишем, көргеннен бери,
Ҳәўеси әйлеп *қәддим-далыңа* келдим («Келдим»).

Ҳәрекет ҳәм ҳәрекеттиң қуралы метонимия көркемлеў қуралы хызметинде жумсалады:

Бәршесини сусты менен өлтирген,
Жилўа әйлеп өлтиргенин күлдирген,
Салланып жүргенде жолны толтырған,
Қәдем басқан *аяқлары* қырмызы.
…Тилладан геўиши *кийгени атлас*.
Аны көргенлерниң бәриси талўас. (Қырмызы).

Мысалларда *өлтирген, көргенлердиң* (адамлар) мәнисинде, кийгени атлас, дизбегинде кийими, липасы мәнилери, екинши бир атама менен ҳәрекеттиң, ал соңғы мысалда предметтиң өз-ара байланысы аўыспалы мәниде қолланылып, шығарма тилиниң экспрессивлигин асырыўға хызмет еткен.

Ҳәр кимниң *яры* болса,
Қыялыңды айтпай билсин.
Сөйлер сөзи болып шийрин,
Өзи турып, көзи күлсин.

Ол сүўретлеген гөззаллар образы қуры баянлаўдан ибарат емес. Әжинияз гөззал қыздың келбетин сөз бенен сызып көрсетеди. Бул тулғалар сол дәўирге сәйкес тил менен сезимлер тийкарында берилген болып, ҳәр бир қатар оқыўшы жүрегине қозғаў салады. Бунда қыз көзлери жаду-жәллет яғный сыйқырлы. Кирпиги-ништер, қаслары каман, жүзи–ай, ләблери ләм-әлип. Демек, Әжинияз муҳаббат темасын өз дәўирине сәйкес сүўретлеген дөреткен шайыр. Және де шайыр яр образын сондай бир шыңға көтереди. Ол қол жетпес жулдыз сыпатында тәрипленеди.

Улыўма, Әжинияз шығармаларында қәдир-қымбат, қәдирданлық өмирдиң барлық социаллық-сиясий тәреплериниң ҳәммесин өз ишине алады, әсиресе ол адам қәдирин билиўдиң, ҳаял-қызлардың гөззаллығын қәдирлеў менен аңлаў менен ҳәм қәстерлеў менен ушластырыўы шығыс ойшылларының арасында белгили ҳәм әҳмийетли орынды ийелейди.

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910015

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Алламбергенов К. Руўхый гөззаллық тымсалы. // Әжинияз. Бүлбилзибан. Таңламалы шығармалары. - Нөкис, 2014. – 3-9-б.

2. Салқынбай А. Б. Әлемнің когнитивтік бейнесі: қазақ тіліндегі ұлттық кодтар. Күретамыр: монография / А. Б. Салқынбай. – Алматы: Қазақ университеті, 2021. – 456 б.

3. Базарбаев Ж. Әжинияз шайырдың дүньяға көз-қараслары ҳаққында философиялық очерк. - Toshkent: Gold Print Nashr, 2019 – 106-б.

4. Қарлыбаева Г. Ажиниёз асарлари тилининг фонетик-морфологик тавсифи: Филол.фан.номз…дис. автореф. - Нукус, 2002.

5. Qarli'baeva G. A'jiniyaz shi'g'armalari' tilinin' fonetikali'q ha'm morfologiyali'q si'patlamasi'. No'kis: Qaraqalpaqstan, 2012.

6. Қәлимбетов Б. Әжинияз лирикасы. -Нөкис, 1981.

7. Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. Нөкис: Қарақалпақстан, 1988 -120 б.

8. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. - Нукус-Казань,1976.

9. Насыров Д.С., Доспанов О., Бекбергенов А., Сайтов Д. Қарақалпақ әдебияты классиклери шығармаларының тили -Нөкис, 1995.

10. Ҳамийдов Ҳ. Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1985. – 224-б.

11. Хамидов Х. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. - Нөкис: Қарақалпақстан,1991.

12. Әжинияз. Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.

DOI 10.66073/ReFocus-Conf/0910015